

Jàpandinanu

Téléfon

+49 (0)40 8901 215

Alt. 5 p.m.— 7 p.m.

Tal. 10 a.m.— 12 bëccëg

Alar. 1 p.m.— 3 p.m.

Aju. 10 a.m.— 12 bëccëg

Su fekke jumtukaay répondeur b moo la wuyu, bàyyil rekk sa nimeru dinanu la woowaat ci ni mu gëna gaawee

Imeel

info@zuendfunke-hh.de

Xelal jaare ko ci linternet

Ndaxte imeel nekkul ab yoonu waxtan bu am kaaraange, danuy tamit joxe ay xelal jaaree ko ci réso xelal bu DGfPI, bi nu tëgg rekk ngir barab yi màcc jëm ci xelal kepp.



Adares

Zündfunke e.V.

Hospitalstrasse 111

22767 Hamburg

zuendfunke-hh.de



Hamburg

Behörde für Schule,
Familie und Berufsbildung

Fàgggu

Fàgggu bokk na ci anam yi ngir xeex fitna bu lalu ci wàllu awra. Doleel xale yi ngir nu moom seen bopp ci lu aju ci seen soxlo ak seen yaram, boole ci di leen tàggat ci seeni àq ak yelleef, nekk ab pàcc bu am dayo ci lii. Waaye, fàgggu tekkiwul ni xale yi ñoo wara yannu ñoom rekk wareef ci wàllu aar seen bopp, doonte,; loolu wareefu askan wi la, te mag ñi ñooy nekk saa su ne ñi yor kilifteef.

Danuy joxe ab gaamu pose fàgggu ngir xale yu nekk ci crèche ak ékole primeer.

Danuy amal ay ngonal ak ay waajur ci ay thème yu amul benn werante, ci lañuy joxe leeral yu am solo ci fitna ci wàllu awra, ba noppi nu waxtaane pexe yi ngir fàgggu ak jëf.

Tàggat

Danuy tàggat liggéeykat yi ci wàll liggéey yu bari, lu ci melni psychosocial, pédagogique, terapi wala lu mel noonu. Taggat-yaram bii dafay wax ci mbir yu melni luñuy tekki ak bariwaayu fitna ci wàllu awra ci xale ak ndaw, màgg gi ci wàllu awra ci xale yi, pexe yi defkatu ñaawtéef yi, risk ak mbir yuy musal xale yiñ laal, anam yi ñu mēna moytu ak jàppale, ak tannéefi ndimbal ak taxawaay.

Lan mooy fitna bu aju ci wàllu awra?

Fitna bu aju ci wàllu awra dafa bari melo. Ci misaal mēn na nekk nataal buñu laajwul, wax juy sonal wala juy yēngal nit, xool, laxasu, wala mēn na nekk itam ñu digal la nga seetaan jëf yu awra, wala ñu lay sonal ngir nga def ko. Fitna ci wàllu awra dafay am sudee bañ sekk wala mēnu ñu nangul la sekk. Yenn saa yi, doonte nangu nga, mbir yi duñu jaar yoon; yenn saa yi yēg-yēg googu du am ludul ginaaw ci wala ginaaw ab diir. Loolu itam mooy fitna ci wàllu awra. Fitna ci wàllu awra warul nekk fitna ci yaram; mēn na am itam ci wax wala xool, mēn na am ci net bi, te mēn na ànd ak yeneen xeeti fitna — lu ci melni jaay xel, nangu xalis wala jaay doole. Su demee noonu, am na saa su nekk ab jaay doole ak sàkku ci jëflante gu weruwaay waral. Responsabilite bi mingi ci ñi ko def. Lu ci gēna bari mooy ki def ñaawtéef bi xam nañu ko ba noppi dafay jege kiñ ci lor. Loolu mēn na tax ñu baña mēna wax ci mbir mi, ba noppi ñu wax ni jëf yooyu dañu melni fitna. Ñi ko dund mēn nañu am kersa wala yēg ni dañu def lu jaaduwwul, te mēn nañu am jafe-jafe xel yu yàgg.

Danu bēgga jeexal fitna ci wàllu awra ci xale yi ak ndaw ñi. Ngir mēna def loolu, dafa nekk lu am solo lool ñu bàyyi xel ci sababi fitna ak beddi. Lu moy loolu, danu wara bàyyi xel, déglu ak gēm.

zündfunke

Ay barab yu màccoo dox ak wax ci lu aju ci fitna jemale ko ci xale wala ndaw

Lu taxa jóg Zündfunke e.V. mooy fàgggu, tass ak daaneel fitna aju ci awra jeme ko ci xale ak ndaw

Zündfunke ab barabu xelal ngir ñi am jaar-jaar fitna aju ci awra bañu nekkee xale wala ndaw. Fii danuy jàppale xale yi ak ndaw ñi, waajur yi ak ñeneen ñi leen di toppatoo, ak itam liggéeykat yu melni jàngalekat yi.

Danuy xelal ak dimbali ngir:

- Xale,ndaw ak tuut tank mag (yu am ci diggante ñient ak 27 at)
- Fajkat
- Liggéeykat

Danuy joxe tamit:

- Fàggu ay tërëlin
- Soril njàng
- Terapi mbooloo bu aju ci theme

Xelal xale yi, ndaw ñi ak mag ñi dundu wala ñuy dundu fitna ci wàllu awra

Gëm nanu la. Te loolu dafay tekki itam ni jarul nga nu wax li xewoon yepp. Waaye soo ko béggee mën nga ko def.

Xam nanu ni lu bari ci ñi ko dund dañuy jànkoonde ak ñàkk gëm sa bopp wala yëg-yëg yu doy waar.

Wax ci mën na la jàppale.

Xelal bi ñuy joxe bokk si ci yëw la aju.

Li nga soxla ak li nga bëgg ci lanu lay xelal.

Danuy liggéey ngir ak ñu ko dund, di leen jàppale ci sunu liggéey.

Xelal gi dafay nëbbu — loolu dafay tekki ni dunu wax kenn ni danga ñëw ci nun wala li nu waxtaan ci te doo ko xam.

Soo ko béggee, mën nga nëbbëtu te jarul nga joxe sa tur.

Ndax mag nga 27 at? Danuy njëkka joxe tegtal ak ndimbal lu am benn wala ñetti sesion yu ñuy xelal nit ñi, ci jamono jooju danuy jàppale nit ñi ñu am tannéeef yu gën.

Xale yi ak ndaw ñi mēnuñoo aar seen bopp. Dañu soxla mag ñu xam ni defkatu ñaawtéef yi di doxee, xam siñaal yi xale yi ak ndaw ñi di yónnee, ba noppi xam xeetu ndimbal yiñ mēna am.

Xelal ngir aji toppatoo yiy liggéeyal seen bopp

Nga njortë wala nga xam ne ab xale wala ndaw bu la joge dund na fitna mën na nekk yan bu diis ci yaw.

Dina nu la jàppale ci jàngat mbir mi, ba noppi nga defar ab tërëlinu jëf ngir aar xale bi. Wutal sa bopp dimbali la, jéego bu am solo la ngir mēna wéyal di toppatoo xale bi feebar bi laal.

Xelal gi kenn du fay, te kenn duko xam su ko soxlaa.

Xelal ngir liggéeykat yi.

Sunu waree jànkoonde ak fitna ci wàllu awra ci xale yi ak ndaw ñi, te loolu mën na tax boroom xam-xam yi ci wàllu psykososiyal ñu dem fuñu mēna dem wala ñu ëpp doole. Réso bu wóor ak tegtal ci ni ñu wara doxalee lu am solo la ci xale yi ak ndaw ñi dund fitna boobee.

Danuy joxe xelal ak ndimbal ak lu mēna nekk ci sa xol, nga am yëg-yëg ci sa biir, nga njëkka am lu lay nëbb wala nga xam bu baax ni fitna ci wàllu awra mingi am.



“Zündfunke
Hospitalstrasse 111
22767 Hamburg